

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data anu aya dina bab IV, dina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu dihandap.

- 1) Kamampuh nulis sajak siswa kelas XI B3 SMA Pasundan 1 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh dilarapkeuna média gambar kolase can mampuh. Katitén tina hasil pretés anu ngawengku aspék diksi (2,48), implengan/pengimajian (2,09), gaya basa (2,00), téma (2,06), jeung amanat (1,97) rata-ratana nya éta 42,60 tina kritéria ketuntasan minimal 78 bisa dicindekkeun siswa can mampuh nulis sajak.
- 2) Kamampuh nulis sajak siswa kelas XI B3 SMA Pasundan 1 Bandung taun ajaran 2015/2016 sabada dilarapkeunana média gambar kolase geus mampuh nulis sajak. Katitén tina hasil postés anu ngawengku aspék diksi (4,32), implengan/pengimajian (4,20) gaya basa (4,09), téma (4,34), jeung amanat (4,11) rata-ratana nya éta 84,37 tina kritéria ketuntasan minimal 78 bisa dicindekkeun siswa geus mampuh nulis sajak.
- 3) Aya béda anu signifikan tina hasil kamampuh nulis sajak siswa kelas XI B3 SMA Pasundan 1 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh jeung sabada ngagunakeun média gambar kolase, kalawan rata-rata peunteun pretés jeung postés nya éta tina hasil pretés 42,60 % ngaronjat jadi 84,37%. Bisa dicindekkeun yén pangaruh média gambar kolase pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa nulis sajak téh nya éta kalawan béda 41,77%. Uji hipotésis ngahasilkeun data t_{itung} nya éta $(32,55) > t_{tabel} (2,42)$. Hartina média gambar kolase bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa kelas XI B3 SMA Pasundan 1 Bandung taun ajaran 2015/2016.

5.2 Implikasi

Média gambar kolase digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak. Dilarapkeuna média gambar kolase meunang réspon anu positip boh ti guru boh ti siswa, sabab dina prak-prakan ngalarapkeun média gambar kolase kawilang leuwih ngirut tur pikaresepeun. Ayana rupa-rupa gambar anu ngirut minat siswa sabab téma tina gambarna nya éta cinta anu rata-rata téma cinta anu dipikaresep ku remaja. Ku kituna média pangajaran téh miboga poténsi pikeun numuwuhkeun kaparigelan dina ngamekarkeun pamikiran siswa, sangkan teu hereut dina ngébréhkeun naon anu aya dinapikiranana anu bisa diébréhkeun dina wangun tulisan ngaliwatan nulis sajak. Salian ti ngirut minat siswa média gambar kolase oge miboga kaonjoyan nya éta bisa ngagampangkeun siswa dina maham matéri pangajaran nulis sajak kalayan suasana anu teu monoton.

5.3 Saran

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha saran anu ditepikeun, nya éta saperti ieu dihandap:

1) Pikeun Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Média gambar kolase téh bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak. Jadi, dipiharep média gambar kolase bisa dijadikeun alternatif dina pangajaran basa Sunda utamana dina nulis sajak kusabab dumasar kana hasil panaluntikan katitén yén média gambar kolase bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak.

2) Pikeun Guru

Upamana guru rék make média gambar kolase dina pangajaran nulis sajak, aya sababara hal anu kudu diperhatikeun ku guru nalika ngagunakeun média gambar kolase nya éta téma anu dipilih kudu nu matak ngirut siswa, bahan-bahan anu digunakeun pikeun nyieun gambar kolase anu gampang ditéangan, pilih gambar anu gampang dicerna ku siswa jeung luyu kana pangajaran anu rék ditepikeun.

3) Ku sabab ieu panalungtikan teu jauh tina kecap sampurna, seueur kénéh

kakirangan nu matak dipiharep aya panalungtik séjén nu nalungtik ieu média gambar kolase kalayan leuwih jembar deui.